

FÒM KONSANTMAN ELÈV YO POU DEPISTAJ COVID-19 KI OPSYONAL

SE YON PARAN/YON RESPONSAB LEGAL KI DWE RANPLI L

Enfòmasyon sou paran an/responsab legal la

Yo pa pral nitifye ou sou rezilta tchèk sekirite woutin COVID-19 yo (ki te rele anvan depistaj angwoup"), men yo pral nitifye ou pou rezilta despistaj endividyèl yo swa nan telefòn oswa pa imèl.

- Si elèv ou a te teste pozitif pou COVID-19 nan 90 jou ki sot pase yo, yo pa ta ko bezwen patisipe nan depistaj COVID-19 pou evite fo pozitif.
- Nou vrèman ankouraje moun ki pa vaksinen yo pou patisipe nan Woutin Tchèk sekirite COVID yo.
- Moun ki vaksinen yo kapab patisipe nan Woutin Tchèk sekirite COVID yo.

Paran/Gadyen

Non ekri ak lèt detache:

**Nimewo telefòn selilè/mobil
paran an/responsab legal la:**

Nòt: nou pral voye rezilta yo nan mesaj tèks nan nimewo selilè sa a

Paran/Gadyen

Adrès Imèl:

Enfòmasyon sou Timoun nan/Elèv la

**Non timoun nan/elèv la ak lèt
detache:**

Student ID#

Klas:

Dat nesans:

(MM/JJ/AAAA)

Adrès Imèl:

Vil:

Kòd Lapòs:

Ras (chwazi youn):

- Endyen Ameriken/Natif Alaska
 Azyatik
 Amreiken Nwa/Afriken
 Awayen Natif/Zile Pasifik
 Blan
 Lòt
 Prefere pa reponn

Etnisite (chwazi youn):

- Ispanik oswa Laten
 Ispanik oswa Laten
 Prefere pa reponn

Sèks:

- Gason
 Transjan
 Fi
 Prefere pa reponn

Pa Bay Konsantman:

- Wi**, mwen bay konsantman pou elèv mwen an patisipe nan tès COVID-19 (*tanpri li epi siyen fòm ki anba a*)
 Non, mwen pa bay konsantman pou elèv mwen an patisipe nan tès COVID-19. (Okenn lòt aksyon pa nesèsè)

KONSANTMAN

Lè mwen ranpli epi lè mwen soumèt fòm sa a, mwen konfime mwen se paran apwopriye a, gadyen, oswa moun ki responsab legal la ototriz pou bay konsantman epi:

- A. Mwen otorize koleksyon ak tès yon echantiyon nan men elèv mwen an pou COVID-19 nan lekòl la, kèlkeswa pou yon tès endividyèl (egzanp antijèn endividyèl oswa tès PCR) oswa pou yon woutin tchèk sekirite COVID (tès angwoup). Lè mwen siyen fòm sa a, mwen dakò ak nenpòt nan metòd tès anapre yo pou elèv mwen an. Mwen konprann lekòl elèv mwen an pral detèmine ki metòd tès yo ofri elèv mwen an epi yo pral enfòme mwen sou sèvis lekòl la ap administre anvan yo kòmanse, oswa nenpòt sou nenpòt chanjman nan pwogram tès COVID-19 lekòl la. Yo bay plis detay sou kalite tès yo nan Apendis A.
- i. Tès endividyèl pou moun ki gen sentòm: pou lè moun genyen sentòm yo pandan yo nan lekòl la
 - ii. Tès endividyèl pou moun ki nan kontak pwòch yo (Tès epi Rete): pou moun yo ki nan kontak pwòch san sentòm, yo dwe teste chak jou pandan omwen senk (5) jou soti nan premye jou yo te ekspozè a, epi y ap pèmèt moun ki teste negatif yo rete nan lekòl la
 - iii. Woutin COVID-19 chèk sekirite (yo terefere kòm "tès angwoup"): pou tès woutin nan koleksyon yon gwoup echantiyon epi pou fè tès sou gwoup la, pou efikasite, ak tès endividyèl k ap fèt swa sou menm echantiyon endividyèl yo nan laboratwa a oswa sou echantiyon nouvo

nan moun ki nan gwoup la.

- B. Mwen konprann tout kalite echantiyon yo pa pral anvayisan, senpleman pa mwayen yon ti aplikatè oswa nan krache.
- C. Mwen konprann yon woutin COVID-19 tchèk sekirite (yo te refere yo kòm kòm tès angwoup) ka bay rezilta endividyèl, epi yo pap kapab pataje avèk mwen rezilta endividyèl elèv mwen an nan yon chèk sekirite. Men, mwen konprann epi mwen dakò yo gendwa antre enfòmasyon sante pèsònèl ak enfòmasyon ki idantifyab nan dosye edikasyon elèv mwen yo nan platfòm teknolojik konpayi ki fè tès la pou ede li suiv rezilta depistaj kolektif la epi pou pèmèt li idantifye nenpòt moun ki ta bezwen fè yon lòt tès suivi annapre.
- D. Mwen konprann yo pral fè m konnen rezilta nenpòt tès endividyèl pou dyagnostik COVID-19 pou elèv mwen an.
- E. Mwen konprann li posib pou tès COVID-19 la bay yon rezilta fo pozitif oswa fo negatif, kèlkeswa tip tès k ap fèt la. Etandone li posib pou tès yo bay rezilta fo negatif, mwen konprann elèv mwen an ta dwe kontinye suiv tout enstriksyon sekirite pou COVID-19 la, epi suiv tout pwotokòl lekòl la mete sou pye pou izole e pou teste nenpòt elèv ki kòmanse genyen kèk sentòm COVID-19.
- F. Mwen konprann anplwaye k ap fè tout depistaj COVID-19 yo te resevwa yon fòmasyon sou fason pou yo fè tès yo kòmsadwa, selon tout règ sekirite yo. Mwen konprann ni konpayi ki bay tès la ni <<Cambridge Public Schools>>, ni okenn reprezantan, ofisyè, anplwaye oswa òganizasyon yo ki esponsò pa responsab si ta gen yon aksidan oswa yon moun ki blese nan kad patisipasyon li nan pwogram depistaj COVID-19 lan.
- G. Mwen konprann elèv mwen an **dwe** rete lakay li si li pa santi l byen. Mwen konprann, si pitit mwen resevwa yon rezilta **pozitif** nan yon tès, li dwe rete lakay li, li pa dwe ale lekòl, li dwe izole tèt li epi li dwe kontinye mete yon kach-nen oswa yon lòt pwoteksyon pou vizaj li nan objektif pou l pa enfekte lòt moun.
- H. Mwen konprann sistèm eskolè a pa jwe wòl pwofesyonèl sante pitit mwen an, lèfini depistaj sa a pa pran plas tretman pitit mwen sipoze resevwa a nan men pwofesyonèl sante l la, epi mwen pran tout reponsablite m pou fè tout sa ki nesèsè parapò ak rezilta pitit mwen jwenn nan tès la. Mwen dakò pou m chèche konsèy medikal, swen ak tretman nan men pwofesyonèl sante pitit mwen an si mwen gen kesyon, si mwen gen dout oswa si eta sante l la vin pi mal. Mwen konprann se mwen ki responsab peye pou nenpòt swen elèv mwen an ka resevwa nan men pwofesyonèl sante l la.
- I. Mwen konprann tès COVID-19 kapab kreye enfòmasyon sante ki pwoteje (protected health information, PHI) ak lòt enfòmasyon pèsònèl ki idantifyab sou elèv la, epi yo ta dwe gen aksè ak jan enfòmasyon sa yo sèlman dapre lwa HIPAA avèk dapre lwa aplikab yo. Anba reglemantasyon 45 CFR 164.524(c)(3), mwen otorize epi mwen mande konpayi ki ap fè depistaj la pou l kominike PHI sa yo bay lekòl pitit mwen an, Depatman Sante Piblik nan Massachusetts la, Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts la, ak laboratwa ki ap fè tès la. Mete sou sa, mwen konprann li posib pou yo kominike PHI sa yo bay Biwo Egzekitif pou Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal la e pou yo kominike yo bay nenpòt lòt moun selon sa ki otorize anba lwa HIPAA a.
- J. Mwen konprann patisipasyon nan tès COVID-19 ka mande pou lekòl la divilge idantite elèv mwen an, demografik, ak enfòmasyon sou kontak nan dosye edikasyon yo bay founisè tès la epi li ka mande pou lekòl la divilge idantite elèv mwen an, demografik, ak enfòmasyon sou kontak nan dosye edikasyon yo bay Depatman Sante Piblik Massachusetts. Dapre FERPA, 34 CFR 99.30, mwen otorize lekòl mwen an pou divilge enfòmasyon pèsònèl idantifyab (PII) sa yo, jan li oblije a pou elèv mwen an patisipe nan tès COVID-19.
- K. Mwen konprann mwen pa oblije pou mwen otorize depistaj COVID-19 sa yo pou elèv mwen an epi mwen gen posiblite refize bay otorizasyon sa a yon fason pou yo pa teste elèv mwen an.
- L. Mwen konprann mwen ka chanje lide epi mwen ka anile pèmisyon sa a nenpòt lè, men, nan ka sa a, anilasyon an ap aplike apati moman mwen di mwen anile pèmisyon an epi li pap afekte enfòmasyon enfòmasyon yo te gentan divilge anvan yo. Si mwen vle anile pèmisyon sa a pou depistaj COVID-19 la, mwen sipoze kontakte enfime/enfimyè leko la.
- M. Mwen otorize founisè tès la ak / oswa Depatman Sante Piblik Massachusetts pou kontwole aspè viris

COVID-19 yo, tankou pou swiv mitasyon viral yo, tankou pou analize echantiyon pozitif (yo) pou rezon epidemyoloji ak sante piblik. Rezilta analiz sa yo pa pral pèsònèlman idantifyab ni kreye enfòmasyon ki pèsònèlman idantifyab.

Mwen menm, ki siyen anba a, mwen te enfòme konsènan objektif depistaj COVID-19 lan, pwosedi l yo, avantaj ak risk ki mache avè l yo, epi mwen te resevwa yon kopi Konsantman enfòme sa a. Mwen te jwenn posiblite pou m poze kesyon anvan mwen te siyen epi yo te fè m konnen mwen ka poze lòt kesyon nenpòt lè. Mwen dakò ak tout volonte m pou yo fè yon depistaj COVID-19 pou pitit mwen an.

**Siyati paran an/responsab legal
la:**

Dat:

ANÈX A: KALITE TÈS POSIB

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen dakò ak nenpòt nan metòd tès anapre yo pou elèv mwen an. Mwen konprann lekòl elèv mwen an pral detèmine ki metòd tès yo ofri elèv mwen an epi yo pral enfòme mwen sou sèvis lekòl la ap administre anvan yo kòmanse, oswa nenpòt sou nenpòt chanjman nan pwogram tès COVID-19 lekòl la.

Depistaj Endividyèl:

Depistaj pou moun ki gen Sentòm: (pou lè moun prezante sentòm pandan lekòl; moun pa ta dwe ale lekòl si yo gen sentòm pandan yo lakay yo): Echantiyon prelevman nan nen yo kolekte nan lekòl la avèk yon tès dyagnostik apwouve.

"Teste epi Rete" (depistaj pou kontak pwòch) Echantiyon prelevman nan nen yo kolekte nan lekòl la avèk yon tès dyagnostik apwouve. Yo ap pèfòme tès yo chak jou depi nan premye jou ekspozisyon an pandan omwen senk (5) jou, epi y ap pèmèt moun ki teste negatif yo rete nan lekòl la.

Woutin Tchèk Sekirite COVID yo:

Tanpri sonje, nou ap itilize kounye yon tèminoloji "woutin tchèk sekirite COVID" pou dekri sa nou te deja rele "tès angwoup yo." Tès swivi yo se tès dyagnostik endividyèl ki idantifye moun ki pozitif la (yo) nan yon tchèk sekirite COVID pozitif.

Tchèk Sekirite ak Tès Suivi nan Lekòl la: Yo kolekte echantiyon prelevman nan nen nan lekòl la epi yo mete yo nan yon sèl tib (maksimòm 10 echantiyon pou chak tib). Sizoka yon gwoup teste pozitif, y ap fè endividyèl Suivi tès ak yon dezyèm echantiyon koleksyon nan lekòl la ak rapid ak / oswa tès PCR endividyèl, jan sa nesesè.

Tchèk Sekirite ak Tès Suivi nan Lab-Lekòl la: Yo kenbe epi separe saliv oswa echantiyon prelevman nan nen yo kolekte yo anvan yo gwoupe nan laboratwa a. Sizoka yon gwoup teste pozitif, y ap fè endividyèl Suivi tès nan laboratwa a, san yon dezyèm echantiyon koleksyon.